

## MEN KÈK LÒT SIJESYON POU PASAJ KI KA MACHE

### BYEN (menm si nenpòt pasaj nan Bib la ka mache):

- Jenèz 2:4-17; Jenèz 2:18-25;
- Egzòd 15: 1-10; Egzòd 15:11-21; Egzòd 20:1-17;
- Sòm 139:1-10;
- Jòb 38 (senk oubyen sis vèsè chak seyans);
- Jeremi 7:1-11;
- Matye 5:1-7:29 (senk oubyen sis vèsè chak seyans);
- Travay 2:42-47; Revelasyon 21:1-4



Si ou genyen kesyon oubyen pou w òganize yon fòmasyon nan metòd Refleksyon Bib la oubyen si ou ta vle jwenn plis bwochi, ou mèt kontakte moun sa yo:

#### Leyogàn

Abelard Xavier, Rasin Lespwa, 3656 - 0644 oubyen xabelard@yahoo.fr

#### Pòtoprens

Ulrick Denis, GALO, 3456-2537 oubyen ulrickafr@yahoo.fr

Emmanuel Blaise, 3771 - 6950 oubyen jeblaise@hotmail.com

Edvard Guilloteau, 3445-1744 oubyen gedvard@yahoo.fr /vardjie@gmail.com

#### Okap

Presandieu Paulaine, PWP, 3445-6257 oubyen ppaulaine@hotmail.com

Nellie Norestin, PWP, 3406-8343 oubyen nellienorestin@yahoo.fr

#### Okay

Fratzie Cyril, Programme d'Alphabétisation pour la Promotion de l'Enfance (PAPE), 3675-6027 oubyen frantziecy2@yahoo.fr

#### Lagonav

Abner Sauveur, Lekòl Kominotè Matènwa, 550-0773 oubyen

abnerjeansauveur@yahoo.fr

Enel Angervil, Lekòl Kominotè Matènwa, 513-0217 ,3939 - 3662oubyen

eneldieu@yahoo.fr

#### Jakmèl

Jude Appolon, Limyè Lavi, 375-91364 oubyen 288-9789 oubyen

judeappolon@yahoo.fr

Samson Joseph, Limyè Lavi, 3481-1209 oubyen samsonayiti@hotmail.com

Joseph Jn claude Belizaire, 3756-7986, oubyen joclabb20002000@yahoo.fr

#### Gonayiv

Dorlys Uzède, 3471- 4649 oubyen oubyen uzdorlys@yahoo.fr

#### Lyankou

Ysmaille Dorsainvil, 37082304 oubyen ysmaille1@yahoo.fr

#### Jeremi

Marcelin Pierre, 3832 – 1743

#### Ozetazini

Kent Annan, Beyond Borders, kent@beyondbordersflorida.org

Pou enskri nan rezo nou an, voye yon imel pou Kent Annan nan :

kent@beyondborders.net. Pou plis enfòmasyon, ale sou sit entènèt wiki a, adrès la

se [www.eksperyansla.info](http://www.eksperyansla.info).

# Refleksyon Bib La

*Yon metòd pou fè lekti ak lapriyè avèk yon ti gwoup*

*Yon metòd pou chèche inite nan Bondye*



*“Chak fwa de ou twa moun mete tèt yo ansanm nan non mwen, m ap la nan mitan yo.” –Jezi, nan Matye 18:20*

## **POUKISA NOU SÈVI AK METÒD REFLEKSYON BIB LA ?**

Bondye pale ak nou nan Bib la. Nou menm pitit li, li fè nou konnen jan li renmen nou ak volonte li gen pou nou. Metòd sa a se yon fason pou n fè plizyè bagay :

- Ankouraje moun chita ansanm.
- Kiltive inite kòm frè ak sè nan fanmi Bondye a.
- Ede nou aprann tande Bondye pi byen pèsònèlman.
- Grandi ansanm nan lavi espirityèl nou.
- Gaye pawòl Bondye pi plis.

## **KILÈS MOUN KI KA FÈ LI ?**

Tout moun ! Nenpòt moun ! Men nou bezwen sèlman gen yon moun nan gwoup la ki kapab disponib pou anime.

## **KI KOTE NAN BIB LA METÒD SA PRAN RASIN?**

Metòd sa a pran rasin nan Kolosyen 3:14-17 ki sou paj 5. Epi kretyen yo ap itilize metòd sa a nan anpil kote nan lemonn antye depi plis pase mil senksan (1500) lane. Epi y ap toujou itilize metòd la. Non orijinal li nan Latèn “lectio divina,” men nou rele l nan Kreyòl ayisyen, “Refleksyon Bib la.”

## **KONBYEN MOUN KI KA FÈ L ?**

Sa mache pi byen si genyen ant kat (4) a nèf (9) moun nan chak gwoup.

## **KONBYEN TAN SA KA PRAN ?**

Nòmalmàn chak seyans kapab pran trant (30) a swasant (60) minit.

## **CHAK KI LÈ NOU KA FÈ L ?**

Pratik sa a mache pi byen si li fèt regilyèman.

## **KISA LI KA RANPLASE?**

Nan Legliz kote yo konn itilize metòd sa a, yo pa sèvi avè l pou ranplase okenn lòt aktivite. Men se sèlman yon aktivite anplis.

## **KI KALITE PASAJ NAN BIB LA OU KA ITILIZE ?**

Nenpòt pasaj nan Bib la ka mache. Nòmalmàn yon pasaj ki tou kout, tankou kat (4) a dis (10) vèsè se pi bon paske ou ka li l plizyè fwa.

## **Sòm 46**

Se Bondye ki tout pwoteksyon nou, se li menm ki tout fòs nou. Li toujou pare pou ban nou sekou lè nou anba tray. Se poutèt sa, nou te mèt wè tè a ap tranble, nou te mèt wè mòn yo ap chavire tonbe nan mitan lanmè, nou pa bezwen pè anyen. Nou te mèt wè lanm lanmè yo move, y ap kimen, jouk mòn yo rive tranble lè lanmè a ap frape sou rivay la, nou pa bezwen pè.

Gen yon gwo dlo larivyè k ap koule pou fè kè moun kontan nan lavil Bondye a, sèl kote ki apa nèt pou Bondye ki anwo nan syèl la. Bondye nan mitan lavil la, lavil la p ap janm brannen. Depi granmaten, Bondye ap pote l sekou. Moun lòt peyi yo ap bat kò yo, chèf gouvènman yo pran lèzam. Bondye fè tande vwa li, latè pran tranble. Senyè ki gen tout pouvwa a la avèk nou. Se bò kote Bondye Jakòb la nou jwenn kote pou n kache.

Vini wè travay Senyè a! Gade ravaj l ap fè sou latè! Se li menm ki fè yo sispann fè lagè toupato sou latè. Li kase banza yo, li kase frenn yo de bout, li boule tout cha yo nèt. Li di: Rete la! Sispann goumen! Konnen se mwen menm ki Bondye. Se mwen k ap donminen sou tout nasyon yo. Se mwen k ap donminen sou tout latè. Senyè ki gen tout pouvwa a la avèk nou. Se bò kote Bondye Jakòb la nou jwenn kote pou n kache!

**Mòso labib sa yo sòti nan Bib la ke Sosyete Bibliik Ayisyen ap distribye nan peyi a.**

### **Lik 8:4-8,11-15**

Lè sa a, te gen yon gwo foul moun ki te sanble. Moun te sòti nan divès vil vin bò kote Jezi. Li pran rakonte yo parabòl sa a: -Yon nonm sòti pou l ale simen grenn nan jaden li. Pandan l t ap simen grenn yo, kèk grenn tonbe bò chemen an: Pye pile yo, zwazo nan syèl vini, yo manje yo. Yon pati tonbe nan mitan wòch. Grenn yo leve. Men, yo cheche paske yo pat jwenn tè fre. Yon lòt pati tonbe nan mitan pye pikan. Pye pikan yo grandi ansanm ak bon ti plant yo, yo toufe yo. Men, yon lòt pati ankò tonbe nan bon tè. Plant yo leve, yo donnen: yo bay san (100) pou nonn. Lè l fin di sa, li di ankò: -Si nou gen zòrèy pou n tande, tande.

Disip li yo mande l kisa parabòl sa a vle di.

[Jezi di:] -Men sa parabòl sa a vle di: Grenn y ap simen an se pawòl Bondye. Gen moun ki sanble ak tè bò chemen kote grenn yo tonbe a. Yo tande, men Satan vini, li rache pawòl la nan kè yo pou yo pa kwè, pou yo pa sove. Gen lòt moun ki sanble tè ki gen anpil wòch la. Yo tande pawòl la, yo resevwa l ak kè kontan. Men yo pa kite l pouse rasin, yo pa kwè l pou lontan. Lè eprèw tonbe sou yo, yo vire do bay Bondye. Grenn ki tonbe nan mitan pikan yo, se moun ki tande pawòl la, men lè y al fe wout yo, yo kite traka lavi, richès ak plezi ki nan lavi toufe l. Yo donnen men donn yo pa janm rive rèk. Grenn ki tonbe nan bon tè a, se moun ki sensè, ki gen bon kè, ki tande pawòl la, yo kenbe l nan kè yo. Yo toujou rete fèm jouk yo donnen.

### **KÒMAN METÒD REFLEKSYON BIB LA MACHE ?**

1. Li ta bon pou gwoup la ta genyen kat (4) a nèf (9) moun.
2. Chwazi yon pasaj nan Bib la pou medite sou li.
3. Chita nan yon wonn. Chak moun pral prezante tèt yo. Moun k ap anime a raple gwoup la: “Nan metòd sa a, silans pa yon move bagay. Se plis yon moman pou reflechi nan kè nou. Bi li se pa diskisyon.” (Animatè a ka chanje chak seyans.)
4. Kòmanse ak youn oubyen de (2) chan, oswa ak yon lapriyè, oswa yon ti moman silans. Epi apre sa a, animatè a li pasaj la pou premye fwa.
5. Moun k ap anime seyans la jou a di: “Koute ki mo ak fraz w ap tande ki ka touche ou.” Apre sa, li pasaj la yon dezyèm fwa, epi tout moun ap rete an silans pou yon ti moman.
6. Apre silans la, chak moun di yon mo oubyen yon fraz ki touche yo san eksplikasyon oubyen diskisyon.
7. Lè tout moun gentan fini pataje mo oswa fraz ki touche yo, moun k ap anime a di: “Koute pasaj la ankò. Epi gade kijan li marye avèk lavi n ap viv chak jou.” Li menm pasaj la yon twazyèm fwa. Tout moun rete an silans pou yon ti moman.
8. Apre silans la, chak moun pataje tou kout sou kisa yo santi Bondye ap di yo pèsònèlman, san diskisyon, san poze kesyon, ni bay repons. (Si yon moun pa vle pataje, li ka rete an silans.)
9. Moun k ap anime an di: “Kounye a nou pral lapriyè, pou nou reponn Bondye sou sa li vle di nou nan pasaj sa a.” Epi li pasaj la yon katriyèm fwa, epi tout moun ap rete nan silans pou yon ti moman.
10. Apre silans la, chak moun nan gwoup la priye youn apre lòt sou sa yo te tande Bondye t ap di yo. (Si yon moun pa vle priye fò li ka priye nan kè l.) Apre tout moun fin priye, gwoup la ka deside kanpe seyans la, osinon yo ka deside chante yon dènye chan avan yo fini, oswa fè yon ti moman silans.

1. Ranje sal la. Chita nan yon gwo wonn. Animatè bay mo byenvini. Chak moun prezante tèt yo.
2. Fè yon lapriyè, yon chan, oswa yon ti moman silans.
3. Eksplike ki sa Refleksyon Bib la ye nan yon jan patisipativ. Gade fas livrè a avèk sa ki ekri sou paj 2 ak paj 3.
4. Li pasaj Kolosyen 3:14-17 ki sou paj 5 nan livrè a. Aprè nou fin li pasaj la, mande patisipan yo èske yo wè plizyè fason metòd Refleksyon Bib la reponn ak sa ki nan pasaj la.
5. Fòmasyon atelye. Separe nan ti gwoup pou fè yon eksperyans nan metòd la, lamenm.
6. Tounen nan gwo wonn pou fè yon evalyasyon e diskisyon sou eksperyans la.
7. Avan nou klotire nan gwo wonn nan, mande gwoup la ki swivi yo t a renmen fè.
8. Fini ak yon chan, yon lapriyè, oswa yon moman silans.
9. Planifye swivi ansanm ak gwoup la.

## **MEN KÈK PASAJ KI KA MACHE BYEN AVÈK REFLEKSYON BIB LA**

### **Sòm 23**

Senyè a se gadò mwen, mwen p ap janm manke anyen. Kote zèb yo pi bèl, se la li fè m pran repo. Kote dlo a koule poze, se la li mennen m bwè. Li fè m reprann fòs. Li fè m mache nan chemen dwat, pou sa sèvi yon lwanj pou non li. Menm si m ap pase nan yon ravin kote ki fè nwa anpil, mwen p ap pè anyen, paske, Senyè, ou la avèk mwen. Se baton ou ak gòl ou ki fè kè m pa kase.

Ou pare yon tab pou mwen devan je tout lènmi m yo. Ou resevwa m, ou fè kè m kontan ou ban m tou sa m bezwen. Wi, mwen konnen w ap toujou renmen m, w ap toujou bon pou mwen pandan tout lavi m. Se lakay ou m ap rete tout tan tout tan.

### **Matye 5:1-9**

Lè Jezi wè foul moun yo, li monte sou yon mòn. Li chita. Disip li yo pwoche bò kote l. Li tanmen montre moun yo anpil bagay. Li di yo:

Benediksyon pou moun ki konnen se pòv yo ye devan Bondye, paske peyi Wa ki nan syèl la, se pou yo li ye. Benediksyon pou moun ki nan lapenn, paske Bondye va ba yo kouray. Benediksyon pou moun ki dou, paske y a resevwa byen Bondye te sere pou yo a sou latè. Benediksyon pou moun ki anvi viv jan Bondye vle a, paske Bondye va ba yo sa yo vle a. Benediksyon pou moun ki gen kè sansib, paske Bondye va fè yo wè jan li gen kè sansib tou. Benediksyon pou moun ki pa gen move lide nan tèt yo, paske y a wè Bondye. Benediksyon pou moun k ap travay pou lèzòm viv byen youn ak lòt, paske Bondye va rele yo pitit li.

### **Ezayi 55:8-13**

Lide pa m pa menm ak lide pa nou. Chemen pa nou pa menm ak chemen pa m. Se Senyè a menm ki di sa. Menm jan syèl la byen lwen anwo latè, se konsa lide pa m byen lwen anwo lide pa nou, chemen pa m byen lwen chemen pa nou. Gade! Lapli ak lawouze sòti nan syèl la, yo pa tounen kote yo sòti a san yo pa wouze latè, san yo pa fè l donner, san yo pa fè plant yo pouse pou bay kiltivatè yo grenn pou yo simen ak manje pou yo manje.

Konsa tou pou pawòl ki sòti nan bouch mwen: li p ap tounen vin jwen mwen san li pa fè sa m te vle l fè a, san li pa fè tou sa mwen te voye l fè a. N a kite lavil Babilòn ak kè kontan. Y a mennen nou tounen lakay nou ak kè poze. Gwo mòn yo ak ti mòn yo va pran chante pou nou sitèlman y a kontan. Tout pyebwa nan plenn yo va bat bravo pou nou! Pye pichpen va pouse kote ki te plen pikan. Pye ilan ilan va pouse kote ki te plen chadwon. Sa va sèvi yon lwanj pou Senyè a, yon remak k ap la pou tout tan, yon siy pèsonn p ap ka detwi.

### **Lik 1:46-55**

Lè sa a Mari [ki manman Jezi] di:

Nanm mwen ap chante pou Mèt la ki gen pouvwa. Lespri m pran plezi nan Bondye ki delivrans mwen. Paske li voye je l sou mwen, yon sèvant ki soumèt devan li. Wi, depi kounyeya, epi pou tout tan, tout moun pral di: Ou se yon fanm Bondye beni! Paske Bondye ki gen tout pouvwa a fè anpil bèl bagay pou mwen. Non li, se yon non pou tout moun respekte.

L ap toujou gen pitye pou tout moun ki gen krentif pou li. Li fè lèzòm santi fòs ponyèt li. Li fè moun ki gen lògèy ak gwo lide nan kè yo pèdi tèt yo. Li desann chèf ki te byen chita nan fòtèy yo. Li leve moun ki pa gen pretansyon yo. Li bay moun ki grangou yo anpil byen. Li voye rich yo ale san anyen. Li vin pote sekou bay pèp Izrayèl k ap sèvi l la. Li pa bliye fè wè jan li toujou gen kè sansib, pou Abraram ansanm ak tout ras li a, dapre pwomès li te fè zansèt nou yo.

### **I Korentyen 13:4-7**

Moun ki gen renmen nan kè li gen pasyans, li gen bon kè, li p ap anvye sò lòt moun. Li p ap fè grandizè, li p ap gonfle ak lògèy. Moun ki gen renmen nan kè li p ap fè anyen ki pou fè moun wont, li p ap chache avantaj pa l, li p ap fè kòlè, li p ap kenbe moun nan kè. Moun ki gen renmen nan kè li p ap pran plezi l nan sa ki mal, li pran plezi l nan sa ki vre. Moun ki gen renmen nan kè li sipòte tout bagay; nan nenpòt ki sitiasyon, li toujou gen konfyans nan Bondye, li p ap janm pèdi espwa, l ap toujou montre jan li gen pasyans.

### **Kolosyen 3:14-17**

Men, avan tout bagay, se pou nou gen renmen ki tankou yon kòd k ap mare nou ansanm youn ak lòt. Se pou nou viv byen youn ak lòt, jan Kris la vle l la. Paske, Bondye rele nou pou nou viv byen youn ak lòt pou nou ka fè yon sèl kò. Toujou chonje sa li fè pou nou.

Kenbe pawòl Kris la ak tout richès li yo byen fèm nan kè nou. Se pou nou youn aprann nan men lòt, se pou nou youn bay lòt konsèy avèk anpil bon konprann. Se pou nou chante sòm, kantik ak tout lòt chante Lespri Bondye a va montre nou, pou di Bondye mèsi ak tout kè nou. Tou sa n ap fè, tou sa n ap di, fè l nan non Senyè Jezi a, san nou pa janm bliye di Bondye mèsi nan li.

### **Lik 6:37-38, 41-42**

[Jezi di:] Pa jije moun, konsa Bondye p ap jije nou. Pa kondannen moun, konsa Bondye p ap kondannen nou. Padonnen yo, konsa Bondye va ban nou. L a lage yon bon mezi, byen souke, byen foule, ak tout tiyon l, nan pòch rad nou. Mezi nou sèvi pou mezire lòt yo, se li menm Bondye va pran pou mezire nou tou.

[Epi Jezi di yo yon lòt parabòl:] Poukisa w ap gade ti pay ki nan je frè ou, epi ou pa wè gwo bout bwa a ki nan je pa ou la? Ou menm ki pa wè gwo bout bwa ki nan je pa ou la, ki jan ou kapab di frè ou: Frè m, kite m wete ti pay ki nan je ou la? Ipokrit! Wete gwo bout bwa ki nan je pa ou la avan. Apre sa, w a wè klè pou ou wete pay ki nan je frè ou la.

## **Jeremi 7:1-11**

Senyè a pale ak Jeremi, li di l konsa:

Al kanpe devan gwo pòtay kay Bondye a. Pale byen fò, epi di: Nou tout moun peyi Jida k ap vini pase nan pòtay sa a pou n al fè sèvis pou Senyè a, koute sa Senyè a voye di nou. Men sa Senyè ki gen tout pouvwa a, Bondye pèp Izrayèl la, di: Se pou nou chanje jan n ap viv la! Manyè sispann fè sa n ap fè a pou m ka kite nou viv isit la. Nou pa bezwen kwè pawòl manti y ap plede repete yo: Sa se gwo kay Senyè a! Sa se gwo kay Senyè a! Sa se gwo kay Senyè a! Anyen p ap rive nou la.

Se pou nou chanje jan n ap viv la. Sispann fè sa n ap fè a! Rann tout moun jistis san patipri. Pa pwofite sou moun lòt nasyon yo, sou timoun ki san papa yo, sou fanm ki pèdi mari yo. Sispann fè san moun inonsan koule nan peyi a. Pa kouri dèyè lòt bondye yo. Se va pou malè nou. Lè sa a, m a kite nou viv isit la, nan peyi mwen te bay zansèt nou yo pou tout tan tout tan.

Men, nou chita ap kwè yon bann pawòl manti ki p ap sèvi nou anyen. Kouman nou ta vle sa? N ap vòlò, n ap touye moun, n ap fè adiltè, n ap fè sèman pou bay manti, nap fè ofrann pou yo boule pou Baal, n ap kouri fè sèvis pou yon bann lòt bondye nou pat janm konnen anvan. Lèfini, n ap vin kanpe devan m nan kay yo mete apa pou mwen an, n ap plede di: Nou sove! Epi nou donnè pi rèd nan fè bagay mwen pa vle wè? Resanm nou pran kay yo mete apa pou mwen an fè yon kachèt pou vòlò? Se sa mwen wè n ap fè. Se mwen menm Senyè a ki di sa.

## **I Jan 4:7-11**

Mezanmi, se pou nou youn renmen lòt paske renmen sòti nan Bondye. Moun ki gen renmen nan kè yo, se pitit Bondye yo ye. Yo konnen ki moun Bondye ye. Moun ki pa gen renmen nan kè yo, yo pa konn Bondye, paske Bondye se renmen menm. Men kijan Bondye fè nou wè jan li renmen nou. Li te voye sèl pitit li a sou latè pou l te ka ban nou lavi. Men kisa renmen an ye: Se pa nou menm ki te renmen Bondye, se li menm pito ki te renmen nou, ki te voye Pitit li a pou nou te ka resevwa padon pou peche nou yo, gremesi Pitit la. Mezanmi, si Bondye renmen nou konsa, nou menm tou se pou nou youn renmen lòt.

## **Sòm 100**

Nou ki retè sou latè, chante pou Bondye sitèlman nou kontan. Fè sèvis pou Senyè a ak kè kontan! Vini non! Fè fèt devan li!

Pa janm bliye: Senyè a, se Bondye li ye. Se li menm ki fè nou, se pou li nou ye. Se pèp li nou ye, mouton ki nan savann li.

Antre nan tanp li, di l mèsi! Antre kote ki apa pou li a, chante pou li! Wi, fè lwanj li, di l mèsi! Senyè a gen bon kè, li p ap janm sispann renmen nou. De pitit an pitit, l ap toujou kenbe pawòl li.